

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Tina hasil pedaran bab IV, kacindekan tina ieu panalungtikan téh nya éta kamampuh ngarang déskripsi siswa kelas X B SMA YAS Bandung, hasilna hadé tur nyugemakeun lantaran nu mampuh nulis karangan déskripsi leuwih loba tibatan nu can mampuhna.

1. Kamampuh ngarang déskripsi aspék kualitas jeung lingkup eusi nya éta cukup (5,95).
2. Kamampuh ngarang déskripsi aspék organisasi jeung tampilan eusi nya éta cukup (6,2).
3. Kamampuh ngarang déskripsi aspék gaya basa nya éta cukup (6).
4. Kamampuh ngarang déskripsi aspék wangun gramatikal nya éta cukup (6,1).
5. Kamampuh ngarang déskripsi aspék ejahan nya éta cukup (5,74).
6. Kamampuh ngarang déskripsi aspék karapihan tulisan nya éta cukup (5,6).
7. Jadi, rata-rata kamampuh ngarang déskripsi siswa kelas X B ditingali dina aspék kualitas jeng lingkup eusi, oraganisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wangun gramatikal, ejahan, jeung karapihan tulisan, nya éta cukup, lantaran ditilik dina skala sapuluh.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu mudah-mudahan mangpaat pikeun kamajuan sakola dina ngaronjatkeun kualitas sakola jeung kualitas ngajar guru dina pangajaran nulis karangan déskripsi, saperti ieu di handap.

1. Guru kudu mikanyaho kamampuh siswa dina ngarang déskripsi.
2. Siswa bisa nyangking pangalaman jeung ngalatih kamampuh nulis karangan déskripsi.
3. Perlu aya panalungtikan anu leuwih lega ambahanana.

